

Tibebe Ou nan 2 Mwa



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay endis enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan tibebe ou rive nan fen 2 mwa yo. Ale avèk sa epi pale avèk doktè pitit ou nan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak sa ou espere answit.

Sa Pifò Tibebe Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Tibebe a kòmanse souri ba moun
- Li kapab kalme poukont li (tibebe a ka mete men li nan bouch li epi souse dwèt)
- Li eseye gade paran yo

Langaj/Kominikasyon

- Li woukoule, li fè son gazouye
- Mete tèt li nan direksyon son

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Li fè atansyon a figi
- Li kòmanse swiv bagay avèk zye li, epi li rekonèt moun sou yon distans
- Li kòmanse aji yon jan anwiye (li kriye, dezagreyab) si aktivite a pa chanje

Mouvman/Devlopman Fizik

- Li kapab kenbe tèt li wo epi li kòmanse pouse lè li kouche sou vant
- Li fè mouvman ki pi fasil avèk bra ak janm li

Aji Bonè depi ou Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit Ou:

- Pa reponn nan son ki fò
- Pa siveye bagay yo pandan y ap bouje
- Pa ri ba moun
- Pa mete men li nan bouch li
- Pa kapab kenbe tèt li anlè lè w ap pouse pandan li sou vant

Si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmanal posib, fè doktè oswa enfimyè pitit ou konnen sa, epi rele 311 pou mande Entèvansyon Bonè.

Dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), Aprann Siy yo (Learn the Signs). Pwogram Act Early (Aji Bonè). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.cdc.gov/ActEarly.